

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ébréhan eusi haté katut pikiran wanoja sok mindeng jadi pasualan lamun disawang tina jihat kaadilan anu patalina jeung génder. Idéntitas génder dina hakékatna teu bisa dipisahkeun tina ras, étnis, kelas, jeung réa-réa deui. Génder mangrupa karakteristik anu nyampak, boh di lalaki boh di wanoja. Éta génder dikonstruksi sacara sosial jeung budaya, sabab ajén kamasarakan bakal tuluy dilarapkeun dina hirup kumbuh sapopoé. Dina jaman orde baru, kalungguhan wanoja sok mindeng jadi objék kateuadilan média. Malah kiwari ogé dianggap sok teu pati dipaliré tina idéntitas féminis (Sushartami, 2012). Pon kitu deui wanoja anu miboga profési salaku sindén sok mindeng ngalaman kateuadilan dina palataran seni tradisi.

Wanoja dina seni musik tradisional sok disebut *sindén, teledek, ronggeng*, jeung *gandrung* miboga citra sorangan dina sawangan nu mikaresepna. Maranéhna nyaéta jalma nu hirup di dua dunya anu patukang tonggong, nyaéta dunya panggung jeung dunya sapopoé. Dina wanci peuting, kalungguhan sindén di luhur panggung maranéhna dipuji-puji, réa nu mikaresep. Papadaning kitu, dina wanci beurang mah kahirupan sapopoéna teu bédá ti wanoja séjén nu sakumaha mistina, nyaéta individu nu miboga peran doméstik di lingkungan sosialna. Dua peran nu dicangkingna kadangkala sok ngalaman konflik batin atawa sosial tur dispirakeun, malah nepi ka dihinana (Anoegrajekti, 2015).

Sindén téh asalna tina kecap *pashindian* nu miboga harti beunghar ku lagu atawa ngahaleuangkeun lagu. Sindén ogé remen disebut *waranggana*, asal kecapna tina *wara* nu hartina wanoja jeung *anggana* nu miboga harti sorangan. Palaku anu midangkeunana disebut *pasindén, juru sekar*, atawa *juru kawih*. Anapon nu disebut sindén nyaéta sesebutan pikeun wanoja anu ngahaleuangkeun lagu dina pagelaran wayang golék atawa dina wanda kiliningan. Pasindén mangrupa istilah anu nyoko kana personal atawa palaku nyaéta jalma nu jadi vokalis utama dina garapan karawitan (Saraswati, 2013).

Sindén masih dihartikeun secara négatif, ngaliwatan média sindén ngan saukur jadi objék hasrat séksual lalaki. Lian ti éta sindén ogé dipintonkeun minangka pangirut lalaki. Hal ieu aya patalina jeung sesebutan ronggéng; istilah nu aya di jaman harita saacan ayana sesebutan sindén. Ronggéng sok dicap ngagoda lalaki anu geus ngarumah tangga. Parobahan istilah ronggéng jadi sindén mangrupa hasil tina gempungan antara R. Aripin, Moch. A. Affandie, R. Partasuanda, jeung Arnesah, dina taun 1948 (Rosyadi, 2015).

Patali jeung sesebutan sindén di taun 1960-an, sindén wayang golék geus ngagésér kalungguhan peran dalang. Posisi sindén dina wayang golék leuwih punjul ti batan dalang (Caturwati, 2006). Masih dina Caturwati (2006) Ronggéng ketuk tilu dihiap ku dalang pikeun ngarojong pagelaran wayang golék minangka tarékah pikeun ngaronjatkeun citra ronggéng dina kalungguhan anu leuwih terhormat. Mimitina posisi diuk sindén sajajar jeung dalang, jadi leuwih jangkung ti dalang nyaéta di luhur méja malah katingali leuwih jangkung tina jantur (janturan). Nilik di jaman kiwari, kalungguhan sindén robah minangka panglengkep dalang lain saluhureun dalang.

Fénoména sindén di jaman kiwari geus ngalaman parobahan. Citra sindén nu asalna dianggap négatif minangka panggoda lalaki, kiwari aya stéréotip anyar yén sindén minangka citra éksprési dina kasenian (Anjani & Supriaza, 2022). Sindén geus lain jadi objék tongtonan érotik, malah geus bisa meunangkeun kaadilan dina éksprési seni nu samistina. Sanajan kitu, stigma négatif sindén masih aya. Dumasar kana pamadegan (Rukmini, 2019) nétélakeun yén stéréotip négatif wanoja dina seni tradisional mindeng jadi bangbaluh dina meunangkeun posisi nu sarua jeung masarakat. Hal ieu nuduhkeun yén réprésentasi wanoja Sunda dina seni tradisional mindeng kaganggu ku sawangan masarakat anu héngkér.

Peran wanoja salaku sindén miboga signifikasi husus, sabab ngaréprésentasikeun kakuatan, kawijaksanaan, jeung kaéndahan. Tapi réprésentasi wanoja salaku sindén masih dipangaruhan ku stéréotip jeung norma-norma sosial patriarchis. Définisi féminisme rupa-rupa pisan gumantung nu ngawangunna: idéologi, politik, agama, ras, jeung budaya wanoja séwang-séwang (Isnendes, 2010).

Nunung NurmalaSari minangka salasaurang wanoja Sunda sakaligus tokoh sindén wedalan ti sanggar kapasindénan “Mimin Mintarsih”. Nunung NurmalaSari minangka sindén kiliningan bisa disebutkeun nyongcolang pisan tur junun dina diajar kapasindénan. Di sagédéngéun éta, Nunung NurmalaSari salaku sindén moal leupas tina gambaran wanoja Sunda. Sarua halna jeung pamadegan (Anjani & Supriaza, 2022) nétélakeun yén perjuangan sindén pikeun meunangkeun pangakuan ti masarakat jadi tangtangan nu dilakonan ku wanoja dina rupa-rupa widang, kaasup seni. Hal ieu nuduhkeun yén perjuangan sindén bagian tina tarékah sangkan meunang *kesetaraan génder*.

Réprésentasi wanoja Sunda dina seni tradisional masih kapangaruhan ku norma-norma patriarkal nu ngawatesanan kana peran maranéhna salaku wanoja. Wanoja nu miboga peran sindén kaasup Nunung NurmalaSari satékah polah meunangkeun pangakuan jeung kesetaraan di dunya seni. Dunya kapasindénan jadi alat pemberdayaan Nunung NurmalaSari ngaliwatan pintonan jeung karyana anu lain hungkul ngahibur tapi nepikeun amanat sosial katut budaya. Pentingna tarékah pikeun méré rohang wanoja sangkan bisa ngaéksprésikeun dirina. Réprésentasi wanoja dina seni tradisional kudu diperjuangkeun sangkan teu kauger ku stéréotip nu ngarugikeun (Kartini, 2021).

Tiori nu dipaké pikeun ngaguar ieu panalungtikan tangtu kudu aya patalina jeung wanoja minangka puseur analisis. Dumasar kana pamadegan (Sugihastuti, 2000) citra wanoja dibagi jadi tilu aspék, nyaéta aspék fisik, aspék psikis, jeung aspék sosial. Citra wanoja dina aspék sosial dibasajankeun kana dua peran, nyaéta peran wanoja di kulawarga jeung peran wanoja di masarakat. Dua peran ieu jadi bagian anu dilarapkeun ku wanoja dina sagala rupa kaayanana, sarta cara laku lampah dina ngadumaniskeun diri jeung kaayaan.

Ulikan féminisme dumasar kana pamadegan Sugihastuti saluyu pisan jeung ieu panalungtikan sabab bisa maluruh konsép féminisme kalungguhan sindén ti mimiti dianggap ronggéng jeung pemusu napsu lalaki, peran sosial jeung stéréotip wanoja salaku sindén anu dianggap teu konvénşional tur teu sabanding jeung lalaki, dina nangtukeun kabébasan jeung pilihan wanoja utamana dina ngaékprésikeun dirina di dunya seni. Saluyu jeung pamadegan (Beauvoir, 1989) dina bukuna *The Second*

Sex nétélakeun yén wanoja mindeng diposisikeun salaku “*the other*” (nu lian) dina struktur sosial nu ngabalukarkeun wanoja teu miboga hak sagemblengna kana dirina sorangan.

Ieu panalungtikan aya sababaraha nu kungsi dimutalaah di antarana: *Dékonstruksi Sindén dalam Stéréotip Négatif Masyarakat* (Defi, 2023); *Rumpaka Kawih Kiliningan Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung: Tilikan Struktural, Sémiotik, jeung Étnopédagogik* (Patria, 2015); *Babandingan Citra Wanoja dina Novel Puputon Karya Aam Amilia jeung Novel Surga Yang Tak Dirindukan Karya Asma Nadia* (Ulikan Struktural jeung Feminisme) (Zulfikar, 2021); *Representasi Perempuan Seni Tradisi dalam Novel Kerudung Santet Gandrung Karya Hasnan Singodimayan* (Marsoel, spk., 2004); *Citra dan Stereotip Perempuan Sunda dalam Novel Marjanah Karya S. Djodjopuspito (Kajian Struktural dan Feminisme)* (Nurfajriani, 2018); jeung réa-réa deui.

Ieu panalungtikan miboga sasruaan jeung békédaan. Sasruaanana ditilik tina tiori atawa ulikan anu dipaké nyaéta ulikan féminisme. Sedengkeun békédaanana tina objék panalungtikan nyaéta sindén Nunung NurmalaSari nu nganjrek di Subang, Jawa Barat.

Tina sawatara panalungtikan di luhur, tépéla pisan yén sindén minangka représentasi wanoja Sunda can kungsi aya nu nalungtik atawa nu ngaguar. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Sindén Nunung NurmalaSari: RéprésentaSi Wanoja Sunda (Ulikan Féminisme)*” perelu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah ditulis kalawan kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha profil Nunung NurmalaSari?
- b. Kumaha aspek fisik jeung psikis sindén Nunung NurmalaSari?
- c. Kumaha aspek sosial sindén Nunung NurmalaSari?
- d. Kumaha kalungguhan Nunung NurmalaSari dina kapasindénan dipatalikeun jeung wanoja Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh réprésentasi wanoja sindén wayang golék dumasar kana tilikan féminisme.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh:

- a. profil Nunung NurmalaSari
- b. aspek fisik jeung psikis sindén Nunung NurmalaSari
- c. aspek sosial sindén Nunung NurmalaSari
- d. kalungguhan Nunung NurmalaSari dina kapasindénan dipatalikeun jeung wanoja Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh nu maca, sarta bisa jadi sumber atawa référénsi pikeun panalungtikan satuluyna anu sarua medar ngeunaan sindén jeung réprésentasi wanoja Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat:

- a. pikeun panalungtik, hasil tina ieu panalungtikan bisa nambah élmu pangaweruh nu aya patalina jeung sindén Sunda;
- b. pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber, référénsi atawa rujukan dina panalungtikan anu sawanda.
- c. pikeun akademisi, hasil tina ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangartina hususna nu pagiling-gisik jeung sindén Sunda katut féminisme.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ieu skripsi disusun kalawan lima bab, anu diwincik kieu.

Bab I Bubuka, ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat penalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké dina panalungtikan, panalungtikan saméméhna anu sawanda, jeung raraga mikir. Tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori sindén, réprésentasi, citra wanoja, jeung wanoja Sunda.

Bab III Métode Panalungtikan, ngawengku ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, medar ngeunaan hasil analisis ngeunaan sindén Nunung NurmalaSari dina ngaréprésentasikeun wanoja Sunda kalawan ulikan Féminisme.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina nyaéta kacindekan panalugtikan, harepan katut saran pikeun panalungtikan ka hareupna.